<div data-bbox="327 483 708 1003" data-label="Image"> </div> <p data-bbox="354 1025 683 1057">Gambar 4.29 halaman 33 naskah</p>	<p data-bbox="1034 443 1070 474">33</p> <p data-bbox="746 483 1342 515"><i>nlusup mênyang ing jêronè suwiwinè êmbokè.</i></p> <p data-bbox="746 524 1353 600"> <i>Gandhang takon: èlo, kok padha mlayu kuwi wêdi apa. apa arêp dibacok mênungsa.</i></p> <p data-bbox="746 609 1353 981"> <i>ora suwi si glathik banjur padha krungu swara kèlèk-kèlèk, ana wulung mènçok ana ing wit sawo. glathik iya banjur padha wêdi. si wulung gèdhènè ora mèkakat, awakè abang irêng, êndhassè putih kaya papon, dhadanè iya putih kaya nganggo klambi kêmèjan, cakarè mingid-mingid, ngèngkêrêm kuthuk, kuthukkè sambat-sambat: kèlèk, kèlèk, kèlèk, nanging ora budi. banjur dipangan marang si wulung.</i></p> <p data-bbox="746 990 1353 1106"> <i>Kènès bisik-bisik: wah, cucukkè kok mlungkèr ngono, cucuku rak apik Trinil mangsuli irih-irih: apik kaè</i></p>
<div data-bbox="327 1223 708 1765" data-label="Image"> </div> <p data-bbox="354 1787 683 1818">Gambar 4.30 halaman 34 naskah</p>	<p data-bbox="1034 1115 1070 1146">34</p> <p data-bbox="746 1155 1353 1232"><i>nèk cucukku cucukmu kuwi rak ora kèna diènggo mangan kuthok.</i></p> <p data-bbox="746 1240 1353 1532"> <i>Wulung olèh è mangan kuthuk wis èntèk, banjur incêng-incêng ngingètakè mangisor, golèk kuthuk manèh. nanging pitik-pitik isih andhèlik baè. ora gèngnam mêtù-mêtù. si wulung banjur mibêr: ubut-ubut, wiwittané èndhik baè. saya suwè saya dhuwur, nganthi kèthip-kèthip, glathik bungah.</i></p> <p data-bbox="810 1541 1034 1572"> <i>Angin nuli tèka.</i></p> <p data-bbox="746 1581 1353 1657"> <i>Gandhang takon: kowè mau apa wêruh manuk sing nakal kaè mau.</i></p> <p data-bbox="810 1666 1008 1697">: <i>nakal priyè ta</i></p> <p data-bbox="810 1706 1203 1738">: <i>mau matèni manuk cilik cilik</i></p> <p data-bbox="810 1747 1353 1778">: <i>E, kuwi, wêruh pisan, jênêngngè wulung.</i></p> <p data-bbox="746 1787 1353 1863"><i>pancèn panganè, manuk cilik-cilik nèk ora mangan manuk mati.</i></p> <p data-bbox="810 1872 1168 1904">: <i>kok ora mangan pari waè.</i></p>

<p><i>Ngrewangi Apa Ngrusuhi</i></p>	<p>Hasil Transliterasi Standar</p>
 <p>Gambar 4.31 halaman 35 naskah</p>	<p>35</p> <p>: <i>kok anèh kowè kuwi. lakowè kuwi bok mangan Gandhang waè kêpriyè.</i></p> <p>: <i>Ah, êmoh. ora doyan, doyanaku mung pari karo woh sing las-lassan.</i></p> <p>: <i>la kathik, wulung kuwi doyananè iya mung manuk waè karo kèwan sing cilik-cilik.</i></p> <p> <i>Gandhang ora bisa mangsuli. nanging durung ngrèti,</i></p> <p>: 12 :</p> <p> <i>Kupu Jêruk.</i></p> <p> <i>Angin cêlathu: kaè, lo ana manèh bègal, gawènè matèni kèwan liyanè.</i></p> <p> <i>Gandhang anjênggirat karo takon: èndi.</i></p>
 <p>Gambar 4.32 halaman 36 naskah</p>	<p>36</p> <p>: <i>kaè ana ing wit jêruk kaè lo, ayo ta mèlua aku.</i></p> <p> <i>Glathik banjur mibêr mèlu Angin, nuli wêruh ana manuk lagi mangan,</i></p> <p> <i>Angin cêlathu: manuk kuwi lagi mangan ungnar. ungnarrè akèh tunggallè. la kaè, ana ing godhong kaè : siji.</i></p> <p> <i>Glathik iya pada wêruh ungnarè: gédhè dawa. rupanè ijo, dawanè ana sajriji.</i></p> <p> <i>Angin ngajani: Gandhang dikon nucuk ungnar mau. iya banjur dicucuk gégèrrè: crog, Gandhang kagèt bangêt, sabab ungnarrè banjur andêngèngèk. èndhas métu sunguté gédhè tur rada dawa, rupanè abang mlèrah.</i></p> <p> <i>Trinil cêlathu: èlo, kok anèh tèmèn, rupanè wis ala kathik anggilani.</i></p>

<p><i>Ngrewangi Apa Ngrusuhi</i></p>	<p>Hasil Transliterasi Standar</p>
 <p>Gambar 4.33 halaman 37 naskah</p>	<p>37</p> <p> <i>Angin cêlathu: nèk bakyunè apik rupanè lakaè, mibêr-mibêr kaè.</i> <i>: êndi, êndi, wong ora ana ungnar mibêr ngono kok: kaè-kaè.</i> <i>Angin angguyu angguguk banjur cêlathu: kaè lo, kupu jêruk kaè bakyunè, rupanè irêng.</i> <i>: Ah, ora ngandêl aku.</i> <i>: iya wis ta, dêngnangngên iki, kowè mêsthi saya gumun, sing bundêr-bundêr cilik-cilik iki êndhogè.</i></p>
 <p>Gambar 4.34 halaman 38 naskah</p>	<p>38</p> <p><i>coba tamatna sing godhong kuwi, kuwi êndhogg kupu, bèsuk yèn nêtês dadi ungnar.</i> <i>Trinil cêlathu: kok ana-ana waè Angin kuwi. êndhog kupu nèk nêtês rak ya dadi kupu. êndhog manuk kaè nèk nêtês ya dadi manuk, jênêngngè piyik.</i> <i>Angin mangsuli: kowè kok ngèthè ta, takok takokna, rak dadi ungnar. lawas-lawas malih dadi ênthung. kaè lè sing gandhul-gandhul kaè, jênêngngè ênthung.</i> <i>: kaè ra panggaring</i> <i>: panggaring priyè ta, kaè ênthung. titènnan, bèsuk rak dadi kupu.</i> <i>Gandhang cêlathu: rupanè kaya ngono, kok dadi kupu, la pangannè apa.</i> <i>: ora mangan apa-apa, nèk wis dadi kupu, pangannè madu kuwi ênggonè ana ing jêron kembang. kupu rak akèh ta sing pating klèpèr golèk kembang. yèn wis olèh, disèsèpi madunè. sing diènggo né</i></p>



Ngrewangi Apa Ngrusuhi	Hasil Transliterasi Standar
 <p>Gambar 4.36 halaman 39 naskah</p>	<p style="text-align: center;">39</p> <p><i>séppi: tlènè. nèk wis èntèk, ngili mênyang kembang sijinè, ngolah-ngalih nganti warèg.</i> <i>: la ungnar, panganè apa iya madu.</i> <i>: ora, wong ora bisa mibêr, pangannè godhong, tarkadhang wit-witan nganti brindhil. sok kêbacut mati, mulannè mênungsa gêthingngè bangêt mênyang ungnar.</i> <i> Kènès cêlathu: mênungsa rak dhêmên bangêt mênyang manuk sing manganni ungnar.</i> <i>: È, iya, èwa dènè kok iya sok ana mênungsa cilik sing gawènè nyawatti manuk ngono kuwi, tèrkadhang susahè diundhuh i.</i> <i>: 13 :</i> Dhayoh sing padha sênêng-sênêng. <i> Glatihik banjur bali mibêr mênyang wit sawo manèh.</i> <i> Gandhang cêlathu: nèk ngono aku kowè iki rak ya digêthingngi mênyang mênungsa, sabab padha nyolongi parinè. ora nandur ora matun, anju</i></p>
 <p>Gambar 4.35 halaman 40 naskah</p>	<p style="text-align: center;">40</p> <p><i>pupkki pari sagêngnam-gêngnam ku waè. kêna diaranni kampak utawa koyok, kaya dènè kêmladhèyan utawa ungar kuwi mau.</i> <i> Glatihik nuli padha krungu swaranè wong angguyu pating cêkikik, panggonanè nyangklèg waè. barêng digolèkki lingak-linguk kêtêmu. sing angguyu jêbul manuk kêtihilang sapirang-pirang. Swaranè: dhèt thilung, dhèt, dhèt, dhèt thilung, olèh è angguyu kuwi marga krungu olèh gunèman si Gandhang iku mau.</i> <i> ana siji sing ngaruh-ngaruhi: gènèya, ta kowè kuwi wangunnè kok kaya wong susah, bok aja susah-susah. kaya aku iki rak ya kampak, padha waè karo kowè, aku kok ora susah barang, sênêng-sênêng waè.</i> <i> banjur muni manèh: dhèt dhèt dhèt thilung, dhèt thilung, dhèt thilang kancané banjur padha nyaurri pating kêtihilung, ana sing ba</i></p>

<p>Ngrewangi Apa Ngrusuhi</p>	<p>Hasil Transliterasi Standar</p>
<div data-bbox="320 454 711 972" data-label="Image"> </div> <p data-bbox="347 999 675 1028">Gambar 4.37 halaman 41 naskah</p>	<p data-bbox="1034 383 1066 412">41</p> <p data-bbox="748 421 1350 490"><i>njur gandhulan ing épang goyang-goyang, sajakè sênêng bangêt,</i></p> <p data-bbox="748 495 1350 600"> <i>Kènès cêlathu: wah, wangunè kok padha sênêng-sênêng tèmên kuwi, wit sawo iki mêsthinë bungah kèdayohan kèthilang.</i></p> <p data-bbox="748 604 1350 710"> <i>wit sawo ora bungah, malah jêlih-jêlih. cêlathunè: È,È, kampilak kampak-kampak brandhal kècu minggat aja ana kènè.</i></p> <p data-bbox="748 714 1350 931"> <i>kèthilanggè ayèm baè. ora gêngnam lunga, nanging apikkè: diunèn-unèni mêngkono iku ora nêsu. malah angguyu latah-latah. ana sing nyauri: waduh ladakkè, uwohmu iki kok ènak tèmên ya, la iki. la iki. padha matêng ithêng-ithêng.</i></p> <p data-bbox="748 936 1350 1111"> <i>wit sawo ora gêngnam mangsuli. wêruh yèn si kèthilang padha ambêling. barêng manuk kèthilang manuk kèthilang wis padha lunga, wit sawo kondha glathik: thik, thik, kèthilang</i></p>
<div data-bbox="331 1144 711 1684" data-label="Image"> </div> <p data-bbox="347 1709 675 1738">Gambar 4.38 halaman 42 naskah</p>	<p data-bbox="1034 1120 1066 1149">42</p> <p data-bbox="748 1158 1350 1296"><i>kaè pancèn maling tèmènan, wohku sing matêng-matêng padha dicucukki krowak kabèh, bondi bédhilla mênungsa mana tak sukurakè.</i></p> <p data-bbox="748 1301 1350 1480"> <i>Trinil cêlathu: kowè kuwi kok anèh wohmu mung dièlong sêthithik-sêthithik ngono waè kok nêsu, nèk diundhuh i uwong, kok ayèm maè, wangunnè malah bungah. kuwi kèpriyè ta.</i></p> <p data-bbox="748 1485 1350 1590"> <i>nalika iku Gandhang luwènè wis bangêt, banjur cêlathu: wis ayo padha golèk bêras pari, wêtêngku wis ngintir-intir bangêt.</i></p> <p data-bbox="1018 1594 1086 1624">: 14 :</p> <p data-bbox="935 1628 1169 1657"> <i>Anakè wit Sawo.</i></p> <p data-bbox="748 1662 1350 1771"> <i>barêng wis jam lima padha têka manèh. nanging ora ènggal-ènggal mènèng mênayang wit sawo sabab a</i></p>

<p>Ngrewangi Apa Ngrusuhi</p>	<p>Hasil Transliterasi Standar</p>
<div data-bbox="325 454 716 974" data-label="Image"> </div> <p data-bbox="349 1003 679 1032">Gambar 4.39 halaman 43 naskah</p>	<p data-bbox="1034 383 1070 412">43</p> <p data-bbox="746 418 1356 745"> <i>na andhanè, anakè sing duwè sawo, jênêngngè Guyak, mêthangkrong ana ing dhuwur ngundhuhi sawo, barêng wis mudhun glathik wani mênayang wit sawo. wit sawo isih muring-muring, cêlathunè: mênungsa cilik mau iki kêbangêtèn, wohku sing matêng-matêng diundhuhi. sing krowak-krowak ditoggakè waè, ora mèlu diundhuhi. mau mula sikêthilang sing kurang ajar.</i> </p> <p data-bbox="746 750 1356 891"> <i> Trinil takon: la mênungsa, prasamu apa kurang ajar, kêthilang kuwi rah mung ngèlong sêthithik-sêthithik waè ta, barêng mênungsa nèk anjupuk rak di rontoggi iya apa ora.</i> </p> <p data-bbox="746 896 1356 965"> <i>: kowè kuwi apa ora wêruh paèdah è olèhku anggèndhong uwoh iki.</i> </p> <p data-bbox="746 969 1356 1039"> <i> Gandhang mangsuli: wêruh pisan, rak karêp bèn dadi wit sawo manèh ta.</i> </p> <p data-bbox="746 1043 1356 1113"> <i>: la kuwi wis wêruh. nèk uwohku ora diundhuhi mênungsa dadinè kèpriyè.</i> </p>
<div data-bbox="325 1220 716 1758" data-label="Image"> </div> <p data-bbox="349 1787 679 1816">Gambar 4.40 halaman 44 naskah</p>	<p data-bbox="1034 1120 1070 1149">44</p> <p data-bbox="746 1155 1356 1225"> <i>: nèk wis matêng bangêt ya: tiba mênayang ngnamah.</i> </p> <p data-bbox="746 1229 1356 1332"> <i>: è, èh banjur padha tukul, sandhingku kènè witè sawo sing cilik-cilik banjur nrucuk waè.</i> </p> <p data-bbox="746 1337 1356 1440"> <i>: Kènès cêlathu: la kowè rak sênêng, dikêpung anak-anakmu, sêdina-dina bisa omong-omongngan bisa guyon.</i> </p> <p data-bbox="746 1444 1356 1547"> <i>: nès nès Kènès kowè kuwi kok busuk tèmèn, coba ta pikirèn,: mungguh a sawah sakèdhok kaè, glathikkè èwon priyè.</i> </p> <p data-bbox="746 1552 1356 1771"> <i>: Gandhang nyambungngi: ya mung padha kéduman pari sêthithik, wêtêngngè pating klikik. : Trinil nyèlani: nèk ngono rak banjur padha ngalih, golèk sawah liyanè, nèk sing ditèba wis èntèk pariné, ngalih manèh, dadi ngolah-ngalih golèk sing isi ana pakanè.</i> </p> <p data-bbox="746 1776 1356 1881"> <i>: la Trinil kuwi pintêr, aku iki nèk dikupêng anakku, pangan sing ana sandhingku kènè iki ya èndang èntèk.</i> </p> <p data-bbox="746 1886 1356 1915"> <i>: Trinil cêlathu manèh: È, iya nèk ngo</i> </p>

<p>Ngrewangi Apa Ngrusuhi</p>	<p>Hasil Transliterasi Standar</p>
<div data-bbox="323 443 705 981" data-label="Image"> </div> <p data-bbox="341 1003 667 1034">Gambar 4.41 halaman 45 naskah</p>	<p data-bbox="1034 385 1072 416">45</p> <p data-bbox="746 421 1353 488"><i>no bèsuk anakmu takonè mibêr mênayang pakarangngan sèjè, aku tak mèlu.</i></p> <p data-bbox="746 492 1353 600"> <i>Gandhang karo Kènès padha angguyu pating cèkikik, wong tukulan sawo kok dikon mibêr.</i></p> <p data-bbox="746 604 1353 779"> <i>wit sawo mbanjurkè gunèmè: nèk uwohku diundhuhi mênungsa rak digawa mrana-mrana, wijiku bisa tiba ing kana-kana. banjur tukul dadi uwit gédhè-gédhè kaya aku iki.</i></p> <p data-bbox="746 784 1353 896"> <i>Gandhang takon: uwohmu kok digawa mrana-mrana mênayang mênungsa kuwi diènggo apa, ta.</i></p> <p data-bbox="810 900 1353 967">: <i>la kuwi èmboh, mêngko waè takonna mênayang Angin.</i></p> <p data-bbox="746 972 1353 1070"> <i>nalika samana wis surup, glathik-glathik banjur mapan turu karo gunèman dhèwè: ya, wis sèsuk waè aku tak takon mênayang Angin.</i></p>
<div data-bbox="323 1227 705 1765" data-label="Image"> </div> <p data-bbox="341 1796 667 1827">Gambar 4. 42 halaman 46 naskah</p>	<p data-bbox="1034 1079 1072 1111">46</p> <p data-bbox="1018 1115 1088 1146">: 15 :</p> <p data-bbox="842 1151 1264 1187"> <i>Woh è padha mênayang ngèndi.</i></p> <p data-bbox="746 1191 1353 1335"> <i>èsukkè Gandhang cèlathu marang Angin: Angin-ngin dhèk wèngi ana mênungsa cilik ngundhuhi sawo. kuwi arèp diènggo apa ta.</i></p> <p data-bbox="810 1339 1248 1375"> <i>Angin mangsuli: arèp dipangan.</i></p> <p data-bbox="746 1379 1353 1487"> <i>glathik-glathik padha gumun, Kènès cèlathu: èlo, kandhamu biyèn mênungsa kuwi pangannè sèga</i></p> <p data-bbox="746 1491 1353 1559"> <i>Angin mangsuli: mênungsa kuwi panganè rupa-rupa, apa-apa doyan.</i></p> <p data-bbox="746 1563 1353 1921"> <i>Gandhang thêngèr-thêngèr. banjur cèlathu: la nèk ngono wit sawo dhèk wingi kaè rak klèru kandhanè. jarènè wijinè digawa mênungsa mrono-mrono. nèk woh è dipangan ngono, wijinè rak ya klèbu wètèng. apa bisa thukul. : ora, wit sawo ora klèru. wis bènèr, kowè sing isih sèling surupa, mêngkono, ya: sing dipangan mênungsa kuwi mung dagingngè waè. isinè ora doyan dibuwa waè. kowè dadi wiji.</i></p>

<p>Ngrewangi Apa Ngrusuhi</p>	<p>Hasil Transliterasi Standar</p>
<div data-bbox="320 528 719 1048" data-label="Image"> </div> <div data-bbox="343 1070 675 1104" data-label="Caption"> <p>Gambar 4.43 halaman 47 naskah</p> </div>	<p style="text-align: center;">47</p> <p> <i>Gandhang mangsuli: È, ngono</i> <i>Trinil mèksa durung ngèrti, banjur takon, mêng ta. aku iki rak durung ngrèti tèmènan, yèn ngono woh sawo kuwi rak ngumbruk sandhing omah, padha thukul uyèl-uyèllan, la rak êndang mati kuwi sabab banjur padha kurang pangan, panganè mung sèthithik, sing mangan akèh.</i></p> <p> <i>Angin mangsuli: ora ngono. sawonè kuwi iya digawa mênayang warung barang. ana sing digawa mênayang pasar. diwèwèh-wèwèhakè mênayang mênungsa liyannè. ana sing olèh sèpuluh, ana sing olèh lima, ana sing olèh pitu, kuwi banjur digawa mrana-mrana, ana sing ngalor, ana sing ngidul, ana sing ngètan, ana sing ngulon, dadi tibanè kuwè mrana-mrana, adoh-adoh paranè.</i></p> <p> <i>Kènès takon: mênungsa kuwi woh apa-apa, apa iya doyan.</i> : <i>rupa-rupa sing dipangan, gèdhang, pêngnam, jamdhu, salak, jêruk, durèn, isih akèh tunggallè pirang-pirang.</i></p>
<div data-bbox="320 1249 713 1789" data-label="Image"> </div> <div data-bbox="336 1807 668 1839" data-label="Caption"> <p>Gambar 4.44 halaman 48 naskah</p> </div>	<p style="text-align: center;">48</p> <p><i>dadi iya akèh warnanè. nanging ora kok anggêr uwoh dipangan, kapas, widuri, jarak, mênungsa ora doyan.</i></p> <p>: <i>lah uwohè apa ora ngrumbuk sandhing uwit, nèk ngono, rak padha thukul nrucuk waè.</i></p> <p> <i>glathik sing ora padha cènthèng-cènthèng nyèluk Kènès, cèlathunè: È, Kènès, aja ngètèprès waè. ayo padha golèk pangan, wètêngku wis luwè bangêt.</i></p> <p> <i>Kènès iya banjur mibêr, mèlu sadulurdulurè.</i></p>



<p>Ngrewangi Apa Ngrusuhi</p>	<p>Hasil Transliterasi Standar</p>
 <p>Gambar 4.45 halaman 49 naskah</p>	<p style="text-align: center;">49 : 16 : Kapas.</p> <p><i> barêng wis jam lima glathik-glathik padha pating plangkruk nêgntèni têkanè Angin, ora suwè krungu krasak-krasak, Angin têka. nanging ora manggon ana ing wit sawo. klintêran guyon karo gogodhongngan lan kêkêbangngan sing ana ing pakarangngan kono, nuli ambias manèh glathik dilangkahi waè, karo cêlathu sêru:</i></p>
 <p>Gambar 4.46 halaman 50 naskah</p>	<p style="text-align: center;">50</p> <p><i>È, È, glathik, ta dêngnangngên aku iki lo, aku lagi nulungi kapas.</i></p> <p><i> ing sandhing ana wit kapas woh è ana sing garing, kulitè irêng-irêng bawuk, akèh sing wis mlèthèk, ing jêronè ana kapukè moto-moto, rupanè putih mêmplak, isinè pirang-pirang rupanè irêng. glathik ora wêruh isinè, sing diwêruhi mung sing putih-putih kaya wulu baè. jênêngngè kapuk kapas, Angin mau wiwittanè nompal-nampèl mênayang kapuk iku. kaya ngajak guyon, suwè-suwè salang dijumput cléput, digawa lunga. kapukè digèndhong. wiwittanè sênêng. suwè-suwè banjur mlorod. tiba ing ngnamah rada adoh. Angin banjur mênayang panggonanè glathik.</i></p>



<p>Ngrewangi Apa Ngrusuhi</p>	<p>Hasil Transliterasi Standar</p>
<div data-bbox="327 497 707 1055" data-label="Image"> </div> <p data-bbox="347 1093 671 1122">Gambar 4.47 halaman 51 naskah</p>	<p data-bbox="1034 383 1070 412">51</p> <p data-bbox="751 421 1353 488"> <i>Kènès takon: kapuk kuwi mau kathik kok gawa lunga, prèlunè apa ta,</i></p> <p data-bbox="751 495 1353 674"> <i>Angin mangsuli: kapuk kuwi mau ana isiné, isiné bakal dadi wiji. mègko ora bisa mibêr dhèwè. kapuk bisanè mibêr rada adoh iya mung tak lawanni sèthithik-sèthithik, isiné ngènak-ngènak waè.</i></p> <p data-bbox="810 680 1182 710"> <i>glathhik banjur rada ngrèti.</i></p> <p data-bbox="751 716 1353 927"> <i>Angin cèlathu manèh: widuri iya takonokakè. malah olèhku nglawani mung ukur-ukur waè. la isi jarak, ora susah tak lawanni, wong bisa mêncolot adoh. kaè lo ana wit jarak, ayo ta mrana karo aku, dèngnangên dhèwè.</i></p> <p data-bbox="751 934 1353 1001"> <i>glathik banjur padha mibêr mèlu Angin, marani wit jarak.</i></p> <p data-bbox="751 1008 1353 1075"> <i>Angin nuli cèlathu: saiki woh è tamatna sing tèmènan</i></p> <p data-bbox="751 1081 1353 1182"> <i>Gandhang karo sak dulur-dulurrè banjur nyèdhakki woh è, rupanè bundèr nanging pa</i></p>
<div data-bbox="327 1227 707 1742" data-label="Image"> </div> <p data-bbox="347 1776 671 1805">Gambar 4.48 halaman 52 naskah</p>	<p data-bbox="1034 1189 1070 1218">52</p> <p data-bbox="751 1227 1353 1272"> <i>ting cringih, kaya ana érinè ngramès-lèmès.</i></p> <p data-bbox="751 1279 1353 1518"> <i>ora suwè padha kagèt, ana swara: mak thèr mèh baè ditinggal mibêr. Angin sènêng angguyu angguguk, nuli cèlathu: aja mibêr ta, ora ana apa-apa, kok sing muni kuwi mau rak dudu bêdhil, jarak iki mlèthèk, isiné diucallakè rada adoh.</i></p> <p data-bbox="810 1525 1214 1554"> <i>manuk-manuk mau mari wèdi.</i></p> <p data-bbox="751 1561 1353 1897"> <i>Angin cèlathu manèh: dèngnangngên sandhing kalèn kaè, kaè ana thukulllan kembangngè gèdhè-gèdhè, rupanè biru. kaè jènèngngè plèthèkkan, woh è cilik dawa. nèk wis garing iya banjur mlèthèk mak, thèr. isiné iya mênçelot rada adoh, nèk thukul ora ngrèbut panganè èmboknè. ayo saiki mèlua aku manèh.</i></p>

<p>Ngrewangi Apa Ngrusuhi</p>	<p>Hasil Transliterasi Standar</p>
<div data-bbox="325 488 707 1010" data-label="Image"> </div> <p data-bbox="341 1034 671 1066">Gambar 4.49 halaman 53 naskah</p>	<p data-bbox="1034 383 1070 414">53</p> <p data-bbox="1018 427 1086 459">: 17 :</p> <p data-bbox="911 465 1193 497"> Gawanè colat-colot.</p> <p data-bbox="751 510 1353 712"> <i>Glathik-glathik wis padha bali mênyang wit sawo. nanging ora bisa-bisa turu. bawit barêng takon ing wit sawo, wêruh ana dhayoh loro, glathik mau padha mênçak ana ing wit sèjè.</i></p> <p data-bbox="810 719 1326 750"> <i>Trinil takon: kuwi iya manuk apa dudu</i></p> <p data-bbox="751 763 1353 840"> <i>Gandhang mangsuli: dudu, dudu manuk kuwi. gênah sikillè papat ngono kok.</i></p> <p data-bbox="751 846 1353 922"> <i>nyambungngi: gawènè mibêr barang, apa mung colat-colèt waè.</i></p> <p data-bbox="751 929 1353 1005"> <i>ora suwè Angin têka. cêlathunè: kuwi jênêngngè bajing. ayo ta nyèdhak</i></p> <p data-bbox="751 1012 1353 1131"> <i>glathik banjur padha mibêr mênyang wit sawo. ana ing kono bisa namatakè rupanè si Bajing pancèn apik buntutè anjênthar.</i></p>
<div data-bbox="325 1234 715 1771" data-label="Image"> </div> <p data-bbox="341 1794 671 1825">Gambar 4.50 halaman 54 naskah</p>	<p data-bbox="1034 1144 1070 1176">54</p> <p data-bbox="751 1182 1353 1556"> <i>dawanè padha karo awakè, awakè ana abang-abangngè sathithik, wah nèk mènèk rikatè ora jamak, yèn ngambah êpang-êpang kaya ngambah ngnamah baè mlèmbang-mlèmbang trampil bangêt, tèrkadhang sok muni kaya wong guyon, sing siji banjur muni: gluk, gluk, karo nyawang mangisor. ana bocah loro padha nyèkèl plinthéng, bajing diplinthéngngi, mlayu mlèmbang mênyang wit sèjè.</i></p> <p data-bbox="751 1563 1353 1639"> <i>Gandhang takon: mênungsa kuwi genè ya, ta, kok géthing mênyang bajing.</i></p> <p data-bbox="751 1646 1353 1765"> <i>Angin cêlathu: kowè kuwi kok bodho tèmên, mênungsa mênyang kowè kok ya géthing kuwi genèya ora.</i></p> <p data-bbox="810 1771 1246 1803">: <i>la wong pangannè tak panganni.</i></p> <p data-bbox="751 1816 1353 1935"> <i>Angin cêlathu manèh: bajing kuwi ya ngono, iya bènèr ora manganni pari, nanging ga</i></p>

<p>Ngrewangi Apa Ngrusuhi</p>	<p>Hasil Transliterasi Standar</p>
<div data-bbox="328 436 707 976" data-label="Image"> </div> <div data-bbox="343 1005 675 1037" data-label="Caption"> <p>Gambar 4.51 halaman 55 naskah</p> </div>	<p style="text-align: center;">55</p> <p>wènè manganni krambil, yèn wêruh krambil ngincih waè, sêpètè, batokè dikrikitti nganti bolong, sing dipangan isinè, sêpèt, batok, bajing ora doyan.</p> <p> Gandhang cêlathu: nèk ngono mênungsa kuwi rak akèh mungsuh è.</p> <p> Angin mangsuli: iya, kèwan akèh sing dadi mungsuh è, nèk wit-witan akèh sing mènèhi pangan, nanging dirusuhi kèwan-kèwan.</p> <p> Trinil cêlathu: kèwan nèk ora mangan wêtunè wit-witan rak mati.</p> <p> Angin mangsuli: iya nanging kèwan sing diêpèk gawènè marang mênungsa, ya ana, èmbèn buri kowè rak wêruh dhèwè.</p> <p style="text-align: center;">: 18 :</p> <p style="text-align: center;"> Kèsèd nyambut gawè.</p> <p> ngnat sawatara dina glathik sing siji nèmu bilai. glathik têlu mau isi padha è</p>
<div data-bbox="328 1131 707 1671" data-label="Image"> </div> <div data-bbox="343 1693 675 1724" data-label="Caption"> <p>Gambar 4.52 halaman 56 naskah</p> </div>	<p style="text-align: center;">56</p> <p>nak-ènak golèk pangan ana ing grumbulan, ana bocah dolanan plinthèngan, krikilè ana sing kèna Gandhang. glathik sing loro padha mibêr. Andhèlik mênyang wit sawo. panggonanè ora adoh karo grumbulan mau.</p> <p> ana ing kono wêruh yèn Gandhang ora ana. Padha kuwatir yèn mati utawa dicèkèl ing bocah mau. atiné padha bingung.</p>

<p><i>Ngrewangi Apa Ngrusuhi</i></p>	<p>Hasil Transliterasi Standar</p>
<div data-bbox="327 481 711 1021" data-label="Image"> </div> <p data-bbox="347 1048 675 1081">Gambar 4.53 halaman 57 naskah</p>	<p data-bbox="1034 383 1070 416">57</p> <p data-bbox="746 423 1337 501"> <i>Trinil cêlathu: iki kêpriyè ènakè, ayo ta padha digolèki.</i></p> <p data-bbox="746 508 1251 586"> <i>nuli padha anggolèkki. ora suwè kêtêmu, bocah è wis lunga.</i></p> <p data-bbox="746 593 1353 669"> <i>takon: priyè kowè isih kêlar mibêr apa ora.</i></p> <p data-bbox="746 676 1353 754"> <i>Gandhang mangsuli: isih, yu, nanging ya rèkasa suwiwi ku kiwa iki lara bangêt.</i></p> <p data-bbox="746 761 1353 840"> <i>Trinil cêlathu: nèk ngono, ayota mibêr alon-alonan tak lawanni.</i></p> <p data-bbox="746 846 1353 1010"> <i>èsukkè Gandhang ora bisa mèlu mibêr golèk pangan, barêng arêp ditinggal cêlathu: wis ta, padha mibêra, aku tak golèk pangan ana ing pakarangngan kènè waè.</i></p> <p data-bbox="746 1016 1353 1178"> <i>Gandhang banjur ngingêtakè kiwa-tèngèn sandhing uwit sawo mau ana uwit pêngnam, Gandhang mibêr mrono. wêruh yèn uwitè growong. nuli anggagas mêng</i></p>
<div data-bbox="320 1232 713 1769" data-label="Image"> </div> <p data-bbox="339 1798 670 1832">Gambar 4.54 halaman 58 naskah</p>	<p data-bbox="1034 1184 1070 1218">58</p> <p data-bbox="746 1225 1353 1433">kono : È, lah kêbênêran, gowok iki rak kêna diênggo nggon ngêndhog, nuli diungak, ing jêro ana sing anjênggêngnag kaya omah. nanging dudu omah manuk, omah tawon, tawonè prang-prung, mlêbu mêtù baè.</p> <p data-bbox="746 1440 1353 1559"> <i>Gandhang cêlathu: wè, lah dolan mênayang ngèndi kuwi. la bok ana kènè waè, omong-omongan karo aku.</i></p> <p data-bbox="746 1565 1353 1774"> <i>Tawonè mênêng baè. si glathik aruh-aruh manèh. sing diaruh-aruhi tawon sing isih padha muni pating brèngêngêng. kuwi iya ora mangsuli. nuli wêruh siji sing isih mèncok ana ing pinggiring gowok.</i></p> <p data-bbox="746 1780 1353 1856"> <i>Gandhang cêlathu: èlo, kok kowè. Kowè kuwi jawanè apa lagi ngasoh.</i></p> <p data-bbox="746 1863 1353 1935"> <i>Tawon mangsuli: ora, aku iki ora sayah. : tak arani kowè sayah olèhmu mibêr.</i></p>

<p>Ngrewangi Apa Ngrusuhi</p>	<p>Hasil Transliterasi Standar</p>
 <p>Gambar 4.55 halaman 59 naskah</p>	<p>59</p> <p> Tawon sémunè gumun, nuli gèntèn takon: aku mibêr tak ènggo apa ta. : la êmbuh ta, kanca-kancamu kaè kok padha mibêr. : la kaè rak padha golèk pangan, aku iki lanang.</p> <p> Gandhang gantèn gumun, nuli takon: dadi tawon kuwi, nèk lanang, ora golèk pangan, ngono. : ora, tur ya ora nyambut gawè barèng-barèng. gawè ku mung mangan waè, saiki aku iya wis luwè.</p>
 <p>Gambar 4.56 halaman 60 naskah</p>	<p>60</p> <p>arêp mangan manèh. wis kowè ana kènè waè ya, aku tak mangan.</p> <p> Tawon banjur anggèrêmêt mênyang ing jèro gowok, Gandhang ya wis luwè. banjur golèk gogroggan bêras pari. : 19 : Madu.</p> <p> barêng wis rada suwi, glathik mau bali mênyang omah è tawon, tawonè lanang wis mêtongkrong manèh ana ing pinggir gowok.</p> <p> Gandhang takon: aku iki arêp takon mênyang kowè, dhèk mau kowè kondha, jarè tawon kuwi nèk lanang, ora nganggo golèk pangan, la sing ko pangan apa, apa Angin. : ora. : la apa, aku iki nèk ora golèk pangan ya ora bisa mangan tèmènan.</p>

<p>Ngrewangi Apa Ngrusuhi</p>	<p>Hasil Transliterasi Standar</p>
 <p>Gambar 4.57 halaman 61 naskah</p>	<p>61</p> <p>: <i>la wong kowè, jênêngmu glathik. pantès nèk mêngkono. Aku iki rak tawon, tawon kuwi nèk lanang, sing anggolèkakè pangan sing wèdok.</i></p> <p>: <i>sing pangan kuwi satèmènè apa ta. olèh è golèk mênayang ngèndi.</i></p> <p>: <i>tak tuturi ya. Tawon kuwi panganè madu, sing wèdok olèhè golèk madu mênayang kembang-kembang.</i></p> <p> <i>Gandhang nuli ngawasakè tawon sing padha mulih, mlèbu mênayang omah, banjur cèlathu sèru: Ah, goroh kowè kuwi. wong padha ora anggawa apa-apa, jarè golèk madu.</i></p> <p> <i>Tawon lanang angguyu anguguk, nuli cèlathu: prasamu ora anggawa apa-apa. ko</i></p>
 <p>Gambar 4.58 halaman 62 naskah</p>	<p>62</p> <p><i>wè sing ora wèruh. mangka gawanè akèh. kuwi nèk olèh madu, banjur diulu.</i></p> <p> <i>Gandhang sikiranè sang saya judhèg, banjur takon: la wong madu wis diulu, olèhmu mangan kèpriyè.</i></p> <p> <i>tawon lanang mangsuli: nèk aku gampang waè, sabab tawon wadon kuwi yèn wis tékan ngomah, madunè banjur metu manèh, sabab dinganapèh.</i></p> <p> <i>Gandhang ora pati pèrcaya. nuli cèlathu: kandhamu kuwi apa tèmèn, aku kok ora pati ngandèl.</i></p> <p>: <i>èlo, kok ora ngandèl, aku iki kandha tèmènan, rak ora ana prèlunè ta aku anggorohi kowè. wis ta, mandhèg sèmanè waè dhisik, olèhè padha gunèman, aku wis sayah, arèp mangan manèh.</i></p> <p> <i>Gandhang: iya ta, aku iya wis luwè, arèp golèk pangan dhèwè, wong ora ana sing anggolèkkakè.</i></p>

C. Terjemahan

Terjemahan yang digunakan dalam penelitian ini berupa terjemahan harfiah, terjemahan isi, dan terjemahan bebas. Tiga terjemahan yang dipakai bertujuan untuk memperoleh hasil terjemahan secara maksimal sesuai dengan konteks pada naskah. Terjemahan secara harfiah dilakukan dengan mencari arti setiap kata demi kata dari bahasa Jawa diartikan ke dalam bahasa Indonesia. Demi memperoleh hasil yang maksimal terjemahan secara harfiah masih belumlah cukup dalam penerapannya karena ada beberapa arti kata tertentu yang tidak bisa diterjemahkan secara harfiah, sehingga dalam penerapannya perlu memakai terjemahan isi dan terjemahan bebas.

Dalam penelitian ini penulis menggunakan terjemahan isi dan terjemahan bebas dengan tujuan menemukan arti kata-kata yang tidak bisa diterjemahkan secara harfiah. Tiga terjemahan tersebut digunakan dengan menggunakan pedoman, *Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa)* (Tim Balai Bahasa Yogyakarta: 2011), *Kamus Sansekerta Indonesia* (Purwadi: 2008), dan *Sapala Basa Jawa* (Yuwono: 2005). Terjemahan disajikan dalam bentuk tabel berdampingan dengan transliterasi teks naskah *Ngrewangi Apa Ngrusuhi*. Berikut merupakan hasil terjemahan naskah *Ngrewangi Apa Ngrusuhi*.

Tabel 4.3 Hasil Transliterasi dan Terjemahan Teks *Ngrewangi Apa Ngrusuhi*

Hasil Transliterasi Standar	Terjemahan
<p style="text-align: center;">: 1 :</p> <p style="text-align: center;"> Glathik ambênêrri susah.</p> <p><i> ana glathik têlu menclok ing wit sawo. Glathik mau padha duwè jênêng dhèwè-dhèwè, nanging ora karan, sing karan mung parabanè, sing siji parabanè: , sabab yèn mènclak, buntuttè jênthath-jênthit, sijnè: Trinil sabab yèn mlaku Trinil-Trinil, sijnè Gandhang sabab yèn muni, suwaranè sêru kèpènak.</i></p> <p><i> nalika samana katonè kaya ambênêri susah, awit sadina durung padha mangan, mangsane mono pancen lê bar panèn, sasinè Mei. maunè ing sawah iya akeh pari, nanging nalika iku wis êntek diênèni. sing ngènèni wong wadon</i></p>	<p style="text-align: center;">: 1 :</p> <p style="text-align: center;">Gelatik membenahi nasib</p> <p>Ada tiga gelatik hinggap di pohon sawo. Gelatik itu mempunyai nama masing-masing, namun tiada arti, yang berarti hanya nama panggilanya, yang satu namanya: Kenes sebab ketika hinggap ekornya lenggak-lenggok, satunya: Trinil sebab ketika berjalan berjinjit-jinjit, satunya: Gandang sebab ketika berbunyi, suaranya sangat enak.</p> <p>Ketika waktu itu terlihat seperti membenahi nasib, mulai seharian belum ada yang makan, musimnya memang waktu setelah panen, bulannya Mei. Tadinya di sawah juga banyak padi, tetapi waktu itu sudah habis dipanen, yang memanen orang perempuan</p>
<p style="text-align: center;">4</p> <p><i>sapirang-pirang, wulènè dipêthêti nganggo ani-ani.</i></p> <p><i> barêng wis suwè olèh è padha têngêr-têngêr, Gandhang calathu: priyè, yu, iki.</i></p> <p><i> mangsuli: êmbuh iki, pariné kok wis ênthèk kabèh ngènè.</i></p> <p><i> Trinil nyambungngi: luwè ku ora jamak, kuwe priyè.</i></p> <p><i> mangsuli: ora kaya a, sêdina durung klêbon gabah saêlas-êlas.</i></p> <p><i> Gandhang kondha manèh: pancèn mênungsa kuwi panassan waè. pari diêpèki kabèh. gèk arêp diênggo apa.</i></p> <p><i> Trinil karo Kènès iya ngaranni panassan sabab padha ora wêruh kanggonè.</i></p> <p><i> nuli cêlathu: E, lah, mêngko sorè, coba aku tak takon Angin yèn</i></p>	<p style="text-align: center;">4</p> <p>sangat banyak, memanennya dipotong menggunakan ani-ani.</p> <p>Ketika sudah lama olehnya duduk, Gandhang berkata: bagaimana yu, ini.</p> <p>Kenes menjawab: entah ini, padinya sudah habis semua seperti ini</p> <p>Trinil menyambung: laparku tidak karuan kamu bagaimana.</p> <p>Kenes menjawab: tidak seberapa, seharian belum memasukkan satu padi pun.</p> <p>Gandang berkata kembali: memang manusia itu begitu serakah. Semua padi diambil. Memang mau dibuat apa.</p> <p>Trinil dan Kenes juga menganggap serakah sebab sama-sama tidak tahu kegunaannya.</p> <p>Kenes lalu bicara: e, lah nanti sore, coba aku tak tanya Angin ketika</p>

Hasil Transliterasi Standar	Terjemahan
<p style="text-align: center;">5</p> <p><i>sorè adattè nginèp kènè. Angin kuwi jajah, wêruh ngèndi-èndi. mèsthine wêruh ménungsa olèh è nyimpènni pari ana ing ngèndi.</i></p> <p> Trinil cêlathu: <i>iya bènêr, karo manèh mèsthinë iya wêruh, parine diênggo apa.</i></p> <p> mangsuli: <i>nèk aku, anggêr wis dituduhi énggonnè waè, wis trima, sèsuk tak paranannè. mèndah olèhku mangan, ya.</i></p> <p> adhi-adhine mangsuli barêngan: <i>aku iya: nèk ngunu, barèng ya, nèk mrono.</i></p> <p style="text-align: center;">: 2 :</p> <p style="text-align: center;"> Angin iya ora wêruh.</p> <p> barang wis sorè, <i>Angin tèka tèmènan, Glathik têlu mau padha ambagèkakè: thika, thika, thika, jawanè: padha bécik waè.</i></p> <p> Angin mangsuli: <i>srubut, srubut, jawanè: iya slamêt, la kuwè kèpriyè.</i></p>	<p style="text-align: center;">5</p> <p>sore kebiasaan nginap di sini. Angin itu menjelajah, tahu segalanya. semestinya tahu manusia dapat menyembunyikan padinya dimana.</p> <p>Trinil berkata: iya bener, dan lagi semestinya iya tahu, padinya dibuat apa.</p> <p>Kenes menjawab: kalau aku, ketika sudah dikasih tahu tempatnya saja, sudah terima, besok aku hampiri. Bolak-balik olehku makan ya.</p> <p>Adik-adiknya bersama menjawab: aku iya: kalau begitu, bersama ya, ketika kesana.</p> <p style="text-align: center;">: 2 :</p> <p style="text-align: center;">Angin juga tidak tahu.</p> <p>Ketika sudah sore, Angin benar datang, tiga gelatik itu memberikan ucapan: <i>thika, thika, thika</i>, yang berarti: sama baiknya saja.</p> <p>Angin menjawab: <i>srubut, srubut</i>, yang berarti: iya selamat, kamu bagaimana.</p>
<p style="text-align: center;">6</p> <p> manuk têlu mau wadul babarênggan: <i>awakku lagi kojur. ménungsa sing kèbangêtèn, parinë diinggatakè kabeh. Aku nganthi kalirèn, sêdina durung mangan, olèh è andhèlikakè parinë ményang ngèndi, ta.</i></p> <p> Angin mangsuli: <i>E, aja kumruwuk babarênggan ngono ta. wong sayah-sayah kok disuguh gunêm, nganthi bingngung aku. aku tak ngasoh sing kèpènak dhisik. sêdinna iki ora lèrèn-lèrèn olèhku nyambut gawè.</i></p> <p> Trinil cêlathu: <i>nèk ora kok tulungngi.</i></p>	<p style="text-align: center;">6</p> <p>Tiga burung itu memberitahu secara bebarengan: badan saya sedang sengsara, manusia yang keterlalaan, padinya dibawa semua. Aku sampai kelaparan, seharipun belum makan, biasanya menyembunyikan padinya dimana, ya.</p> <p>Angin menjawab: E, jangan berdesakan bersama seperti itu. Orang letih-letih kok disuguhi omongan, sampai bingung aku. Aku tak istirahat yang enak terlebih dulu, seharian ini tak henti-henti olehku kerja.</p> <p>Trinil bicara: kalau tidak kau bantu.</p>

Hasil Transliterasi Standar	Terjemahan
<p style="text-align: center;">7</p> <p><i>Aku rak mati kalirên têmênan, sadina aku durung kambon pari.</i></p> <p> <i>Angin mangsuli karo angguyu mlêngah: kowè kuwi busuk, ngono waè kok disusahake. yèn kowè kèpingin pari, ora kurang.</i></p> <p> <i>Glathik têlu pisan kêsusu takon: êndi-êndi anggonè.</i></p> <p> <i>Angin mangsuli: sèsuk waè tak tuduhi mèlua aku, saiki wis bêngi, êndang turua, ta, mundhak karipan, kaèlo, srêngèngè nè wis surup, codhot, lawa, wis padha mètu patèng klêpèr.</i></p> <p> <i>mèk satakon manèh: ora, satêmènne waè, mênungsa olèh è nyinggahakè pari kuwi ana ngèndi, ta.</i></p> <p> <i>Angin mangsuli: satêmène, nèk ênggonè, aku dhèwè iya ora wêruh. sing tak wêruhi mung ana wong wadon pirang-pirang padha anggèndhong pari, wong ngèlanang padha mikul, pikulanè dawa. èmbuh mênyang ngèndi paranè.</i></p>	<p style="text-align: center;">7</p> <p>Aku akan benar-benar mati kelaparan, seharian aku belum memasukkan padi.</p> <p>Angin menjawab sambil tertawa menoleh: kamu itu bodoh, begitu saja kok dibuat susah. Kalau kamu pengen padi, tidak kekurangan.</p> <p>Tiga gelatik itu bergegas bertanya: mana-mana tempatnya.</p> <p>Angin menjawab: besok saja tak kasih tahu ikut denganku, sekarang sudah malam cepat tidur, nanti kesiangan, itu mataharinya sudah tenggelam, kelelawar sudah sama-sama keluar.</p> <p>Kenes satu pertanyaan lagi: tidak sejujurnya saja, manusia ketika menyembunyikan padi ada dimana ta.</p> <p>Angin menjawab: sebenarnya, kalau tempatnya, aku sendiri tidak tahu. yang aku tahu cuma ada banyak orang perempuan yang menggendong padi, orang laki-laki yang memikul, pikulannya panjang entah mau kemana.</p>
<p style="text-align: center;">8</p> <p> <i>mangsuli: èlo, jarè aku arêp kok ajak mênyang ênggon pari, jêbulè kowè dèwè ora wêruh olèh è ngrumati.</i></p> <p> <i>Angin mangsuli: wis ta, aja kêmêrcèk waè, olèh-olèh kowè sesuk aja kuwatir.</i></p> <p> <i>Trinil takon: ora ngononè, pari kuwi, nèk mênungsa diênggo apa, ta, : kuwi aku iya ora wêruh, coba sesuk tak tamatnè sing têmênan, sesok sorè kowè tak kandhani.</i></p>	<p style="text-align: center;">8</p> <p>Kenes menjawab: elo, katanya aku mau diajak ke tempat padi, ternyata kamu sendiri tidak tahu dapatnya menyimpan.</p> <p>Angin menjawab: sudah lah, jangan banyak bicara, dapat-dapat besok jangan khawatir.</p> <p>Trinil bertanya: bukan begitunya, padi itu kalau manusia dibuat apa ta.</p> <p>: itu aku juga tidak tahu, coba besok tak selesaikan yang benar, besok sore kamu tak kasih tahu.</p>

Hasil Transliterasi Standar	Terjemahan
<p style="text-align: center;">9</p> <p> <i>Glathik mau banjur mêrêm, ora suwè nuli turu anglêr.</i></p> <p style="text-align: center;">: 3 :</p> <p style="text-align: center;"> ora kurang pari.</p> <p> <i>esukke olèh è tangi dhisik dhèwè , kiro-kiro jam satêngah nêm, bakyu-bakyunè digugahi. olèh è anggugahi dithotholli isih-isih, iya banjur padha tangi pating jenggirat.</i></p> <p> <i>Gandhang takon: kowè wis olèh pari. mangsuli: durung. Wong lagi tangi ngènè, kok wis ditakonni, kowè kuwi apa impèn-impènên, mêngko sêdhela êngkas, arêp dituduhakè ênggonè mênyang Angin, nanging êmbuh têmên êmbuh ora. Angin kuwi nèk gunêman, sok plêmpas-plêmpus, dhèk wingi kaè wis, nyalak nèk ora wêruh ênggonè.</i></p>	<p style="text-align: center;">9</p> <p>Gelatik tadi terus memejamkan mata, tidak lama lalu tidur nyenyak.</p> <p style="text-align: center;">: 3 :</p> <p style="text-align: center;">Tidak Kurang Padi.</p> <p>Paginya Kenes bangun paling awal sendiri, kira-kira jam setengah enam, saudara-saudaranya dibangunkan, olehnya membangunkan dengan dipatuk pelan-pelan, iya terus sama-sama beranjak bangun.</p> <p>Gandang bertanya: kamu sudah dapat padi. Kenes menjawab: belum, orang baru bangun seperti ini, kok sudah ditanya, kamu itu apa bermimpi, nanti sebentar lagi, mau diberitahu tempatnya oleh Angin, tetapi entah benar atau tidak, Angin itu kalau bicara ceriwas-ceriwis, kemarin itu sudah bilang kalau tidak tahu tempatnya.</p>
<p style="text-align: center;">10</p> <p> <i>nalika iku Angin kêbribènan, iya banjur tangi. nuli mlayu anjranthal karo ngabanni Glathik têlu mau: ayo, mibêr barêng aku. yèn ora rikat, taktinggal lo.</i></p> <p> <i>Angin lakunè sok mompar mampir ngithik-ithik gegodhongngan, Glathik olèh è padha nututti kaya dibalangngakè. Satêngahe mibêr, padha takon karo mêngap-mêngap: iki mêngko, mênyang ngèndi, ta. mrana lo, mênyang sawah.</i></p> <p> <i>mangsuli: mêngko aku gèk kok gorohi. Kana, aku wêruh wis ora ana apa-apanè. Angin mara mangsuli: Glathikkè diglandhang baè, dijak ènggal, ora suwè têkan ana ing dhuwur sawah. nuli cêlathu: wis thika, padha nèba è, mangana sing warêg.</i></p>	<p style="text-align: center;">10</p> <p>Seketika itu Angin terganggu, iya langsung bangun. Lalu berlari dengan memberi tahu tiga gelatik tadi: ayo terbang dengan aku kalau tidak cepat, tak tinggal lo.</p> <p>Angin jalannya dengan singgah kesana-kemari menggelitik dedaunan, setengahnya terbang, sama-sama bertanya dengan tersengal-sengal: ini nanti mau kemana ta.</p> <p>Ke sana lo, pergi ke sawah.</p> <p>Kenes menjawab nanti aku kamu bohongi, di sana, aku tahu sudah tidak ada apa-apanya. Angin datang menjawab: gelatiknya ditarik begitu saja, diajak untuk cepat, tidak lama, sampai di sawah. Lalu berkata: sudah sampai, sama menghadapnya, makanlah yang kenyang.</p>

Hasil Transliterasi Standar	Terjemahan
<p style="text-align: center;">11</p> <p> <i>sawisé cêlathu mêngkono, Angin banjur lunga, blas, ora karuwan paranè. Glathik iya banjur padha nêba.</i></p> <p> <i>kênes cêlathu: lah apata anggorohi têmênan si Angin, wong ora ana apa-apanè, dikon mangan, sing dipangani ganè apa, mangka wêtêngku wis ngintir-intir têmên.</i></p> <p> <i>Gandhang ngawasakè mangisor sadhèla, banjur cêlathu: lakaè kok ana konca-konca Glathik sapirang-pirang.</i></p> <p> <i>Glathik têlu mau nuli padha niyup amor sanakkè, padha nucuki gabah sing go</i></p>	<p style="text-align: center;">11</p> <p>Sesudah berkata seperti itu, Angin langsung pergi, <i>blas</i>, tidak karuan. Gelatik iya langsung sama-sama menghadap.</p> <p>Kenes berkata: lah apanya memang bohong si Angin, orang tidak ada apa-apanya, disuruh makan, yang dimakan ini apa, apalagi perutku sudah sangat lapar beneran.</p> <p>Gandang melihat ke bawah sebentar, lalu berkata: la itu kok ada teman-teman gelatik sangat banyak.</p> <p>Gelatik tiga tadi lalu sama-sama berteduh campur dengan keluarganya, sama mematok padi yang ron-</p>
<p style="text-align: center;">12</p> <p><i>grog, mênungsa, sing digawa mung pari isih wulèn-wulèn baè. gabah sing gogrog di toggakè baè. malah wulen sing kècèr iya ora kurang.</i></p> <p> <i>Trinil nutul karo cêlathu: wah ènakè. Tak aranni Angin mau kaè anggorohi, jêbul ora.</i></p> <p> <i>ora suwè glathik-glathik mau wis padha warèg banjur padha bali mênyang wit sawo manèh ana ing kono padha jethunggan, olèh è andhèlik ana ing sasèla-sèla ning godhong. Wangunè sênêng bèrag-bèrag mari susah.</i></p> <p style="text-align: center;">: 4 :</p> <p style="text-align: center;"> Kucing.</p> <p> <i>sorènè Glathik têlu mau padha jagonggan ngéntenni tékane si Angin, ora suwè Angin téka klêntrêng-klêntrêng, nganggo nyampè-nyampè gogodhonggan.</i></p>	<p style="text-align: center;">12</p> <p>tok, manusia, yang dibawa cuma padi yang masih berisi saja. Padi yang rontok ditinggalkan. Malah yang berisi yang tercecer juga tidak kurang.</p> <p>Trinil mematok dengan berkata: wah enaknyanya. Aku kira Angin tadi itu berbohong, nyatanya tidak.</p> <p>Tidak lama gelatik-gelatik tadi sudah sama-sama kenyang lalu balik ke pohon sawo kembali ada di sana sama-sama mengobrol, olehnya bersembunyi ada di sela-selanya daun, bagusnyanya teriak-teriak setelah susah.</p> <p style="text-align: center;">: 4 :</p> <p style="text-align: center;">Kucing</p> <p>Sorenya tiga gelatik itu sama mengobrol menunggu datangnya si Angin, tidak lama Angin datang <i>klêntrêng-klêntrêng</i>, dengan menyenggol dedaunan.</p>

Hasil Transliterasi Standar	Terjemahan
<p style="text-align: center;">13</p> <p><i>banjur arêp ngaso ana ing panggonanè Glathik, nuli takon: priyè kabarè. wêtêngmu warêg apa ora.</i></p> <p> <i>Gandhang mangsuli: wah aku wis warêg têmênan, nganthi ping pindho olèhku mênyang sawah, esuk karo sorè. tak trima bangêt olèhmu nuduhi aku.</i></p> <p> <i>Trinil takon: pari kuwi, yèn mênungsa, diêngga apa, ta.</i></p> <p>: <i>dipangan</i></p> <p>: <i>mangsa dipangan, mênungsa apa doyan pari ta.</i></p> <p>: <i>ya ora, digawè sêga dhisik.</i></p> <p>: <i>sêga kuwi apa, ta.</i></p> <p><i>Angin nuli lingak-linguk anggolèki omah wêruh warung banjur cêlathu: kaèlo, ana warung. ayo ta nyêdhak mrana. padha andhelikka ana ing grumbulan kana kaè. mêngko ngawasno mênjêro.</i></p> <p> <i>Glathik mau banjur padha mibêr mênyang sanding wa</i></p>	<p style="text-align: center;">13</p> <p>terus mau istirahat di tempatnya gelatik, lalu bertanya: bagaimana kabarnya. Perutmu kenyang apa tidak.</p> <p>Gandang menjawab: wah aku sudah kenyang bener, sampai dua kali olehku ke sawah, pagi dan sore. Tak terima sekali dapatmu memberitahu aku.</p> <p>Trinil bertanya: padi itu, kalau manusia dibuat apa ta.</p> <p>: dimakan</p> <p>: masa dimakan, manusia apa doyan padi ta.</p> <p>: ya tidak, dibuat nasi terlebih dulu.</p> <p>: nasi itu apa?</p> <p>Angin lalu menoleh kanan-kiri mencari rumah tahu ada warung terus berkata: itu lo, ada warung. Ayo ta mendekat ke sana. Sama-sama bersembunyi di gerombolan sana itu. nanti melihatlah ke dalam.</p> <p>Gelatik lalu sama-sama terbang ke dekat wa-</p>
<p style="text-align: center;">14</p> <p><i>rung, ngingêttakè wong-wong sing ana ing jêro warung.</i></p> <p> <i>Angin cêlathu: kaè, lo, wong wadon kaè awasno. kaè ngadhêp wakul, ing jêronne ana sêganè. la kaè, sêganè dicituk, di wadhahi pincuk, diulunggakè mênyang wong lanang sing lungguh lincak kaè.</i></p> <p> <i>Glathik-glathik mau olèh ngingêttakè nganti anjomblong, ora wêruh yèn dinhdik indhik kucing.</i></p> <p> <i>Trinil takon: sêga kuwi maune apa</i></p>	<p style="text-align: center;">14</p> <p>rung, memperhatikan orang-orang yang ada di dalam warung.</p> <p>Angin berkata: itu, lo, orang perempuan itu perhatikan. Itu menghadap bakul, di dalamnya ada nasi. la itu, nasinya diangkat dibungkus di pincuk (wadah nasi yang terbuat dari daun pisang), diberikan ke orang laki-laki, yang duduk kursi itu.</p> <p>Gelatik-gelatik itu olehnya menyaksikan sampai melongo, tidak tahu kalau sedang diincar kucing.</p> <p>Trinil bertanya: nasi itu sebelumnya apa</p>

Hasil Transliterasi Standar	Terjemahan
<p style="text-align: center;">15</p> <p><i>pari tēmēnan ta. rupanè kok putih. nèk pari rak kuning. karo manèh.....</i></p> <p> <i>Gandhang jêrit-jêrit: kucing, kucing, kucing. sadulurè padha anjumbul, banjur prung. padha mibêr mēnyang wit sawo, andhêlik ana ing sêla-sêla ing godhong. Angin iya banjur mrono. Angin cêlathu: wis ta, aja wêdi-wêdi. si kucing saiki mangsa bisa awêruh kowè, ora.....</i></p> <p> <i>kowè saiki wis wêruh sêga apa durung. Glathik isih blangkêmên, durung bisa gunêman, awakakè gumêtêran kaya alang-alang kanginan. Angin cêlathu manèh: wis ta, ayêm-ayêmên atimu dhisik, saiki aku arêp lunga manèh. mêngko tak balik mrènè.</i></p>	<p style="text-align: center;">15</p> <p>Padi betulan ta. Rupanya kok putih. kalau padi kan kuning. dan lagi.....</p> <p>Gandang teriak-teriak: kucing, kucing, kucing. Saudaranya sama-sama kaget terus terbang ke pohon sawo, bersembunyi di sela-selanya daun. Angin ya terus ke sana. Angin berkata: sudah lah, jangan merasa takut. Si kucing sekarang masa bisa tahu kamu, tidak.....</p> <p>Kamu sekarang sudah mengerti nasi apa belum. Gelatik masih terdiam, masih belum bisa berkata. Badanya gemeteran seperti alang-alang terhempa Angin. Angin berkata kembali: sudah lah, tenangkan hatimu dulu, sekarang aku mau pergi lagi. Nanti tak balik ke sini.</p>
<p style="text-align: center;">16 : 5 :</p> <p style="text-align: center;"> pari, bêras, sêga.</p> <p> <i>ngnat satêngah jam si Angin wis tēkan ing wit sawo manèh. Glathikke wis padha mari wêdi. atinè wis bèrag manèh. Gandhang isi muring-muring. cêlathu marang Angin: aku iki rak gumun ta. si kucing kok salah gawè tēmēn arêp nubruk aku kuwi, arêpe waè apa.</i></p> <p> <i>Angin mangsuli: kucing kuwi yèn wêruh manuk ngincih waè. doyanè iwak, wis ta, aja ko pikir prakara si kucing kuwi. anggêr kowè ngati-ati waè, kana mangsa bisa anyandhak, ora. saiki kowè arêp tak kandhani prakara pari. aku wis anjajah omah mēnungsa, sapirang- pirang. pari kuwi dirumati primpên bangêt, aku wis wêruh ênggonè. di sèlèh ana ngomah.</i></p> <p> <i>Trinil takon: la kok banjur tēkan warung kuwi kapriyè. kathik rupanè banjur putih, apa diênjêti.</i></p>	<p style="text-align: center;">16 : 5 :</p> <p style="text-align: center;">Padi, Beras, Nasi.</p> <p>Ada setengah jam si Angin sudah datang di pohon sawo kembali. Gelatik sudah tidak takut. Hatinya sudah tenang kembali. Gandang masih marah-marah. berkata kepada Angin: aku ini kan heran ta. si kucing kok salah buat bener mau nabrak aku itu, maunya apa.</p> <p>Angin menjawab: kucing itu ketika tahu ada burung ya menyergap saja. doyanannya ikan, sudahlah jangan kamu pikirkan perkara si kucing itu. asal kamu hati-hati, sana masa bisa sampai, tidak. sekarang kamu mau tak beritahu perkara padi. Aku sudah menjelajah rumah manusia, begitu banyak. padi itu dirawat sangat teliti, aku sudah tahu tempatnya, ditempatkan di rumah.</p> <p>Trinil bertanya: la kok terus sampai di warung itu bagaimana. Apalagi rupanya putih, apa dihaluskan.</p>

Hasil Transliterasi Standar	Terjemahan
<p style="text-align: center;">17</p> <p>: <i>mêngko, ta, aja nyêla-nyêla waè, tak kandha sing urut, pari kuwi yèn wis garing banjur disèlèh ana ing jêro ngnasung, ngnasung kuwi ana growongnganè loro. sing siji gêdhè dawa, sijine cilik bundêr. la pari kuwi mau disèlèh ana ing growongngan sing gêdhè kuwi, yèn uwis banjur ana wong wadon loro mapan sandhing nasung kono, karo nyêkêl kayu gêdhè dawa.</i></p> <p> <i>nyêlani: mêsthinë banjur pêndhung-pêndhungan rêbutan pari.</i></p> <p> <i>Angin mangsuli karo plêca-plêcu: kok mêksa nyêla-nyêla waè. bocah iki, jênêngmu manuk ora jawa. rungokna ya, tak tuturri: kayu dawa kuwi mau jênêngngè alu, dienggo nutu pari sing ana ing ngnasung kuwi. swaranè: thèk, dhung, thèk, dhung. suwè-suwè pariné mrithilli dadi lassan jênêngngè gabah. mêrangngè banjur disingkirakè. gabah è ditutu manèh, kulitè pada nglècèp, jênêngngè.....</i></p> <p> <i>lagi tékan samono, glathik-gla</i></p>	<p style="text-align: center;">17</p> <p>: Nanti, ta, jangan menyela saja, tak kasih tahu yang runtut, padi itu ketika sudah kering terus diletakkan di dalam lesung, lesung itu ada lubangnya dua. yang satu besar panjang, yang satu kecil bulat. Padi itu tadi diletakkan di lubang yang besar, ketika sudah terus ada dua orang perempuan, duduk di dekat lesung sana, dengan memegang kayu yang besar dan panjang.</p> <p>Kenes menyela: semestinya terus berkelahi rebutan padi.</p> <p>Angin menjawab dengan kesal: kok memaksa menyela saja. Bocah ini, namamu burung tidak sopan. Dengarkan ya, tak beritahu: kayu panjang tadi namanya <i>alu</i>, dibuat memukul padi yang ada di lesung itu. suaranya: <i>thèk, dhung, thèk, dhung</i>. lama-lama padinya rontok jadi biji-bijian namanya <i>gabah</i>. Merang nya terus disingkirkan. Padi itu dipukul kembali, kulitnya mengelupas, namanya.....</p> <p>Sampai di sana, gelatik-gela</p>
